# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–08 अप्रैल 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु कहलें कि सरकार अइसन गतिसील व्यवस्था बनवले पर धियान दीहल जारी रक्खी, जहवां हर आकांक्षी उद्यमी के असानी से ऋण सुविधा उपलब्ध हो सके। प्रधानमंत्री मुद्रा योजना क दसवीं वर्षगांठ के मौका पर सोसल मीडिया पोस्ट पर श्री मोदी कहलें कि ई योजना कई लोगिन क सपना साकार कइले हौ। एहसे पहिले, प्रधानमंत्री येह योजना के लाभारथियन के साथ अपने आवास पर बातचीत कइलें। उहां के कहलीं कि येह योजना क सत्तर फीसदी लाभारथी महिला हइनि।

*सबसे ज्यादा लोन के लिए अप्लाई करने वाली महिलाएं हैं। सबसे ज्यादा लोन प्राप्त करने वाली महिलाएं हैं और सबसे जल्दी रीपेमेंट करने वाली भी महिलाएं हैं और एक बार पैसा आए तो उसका सदुपयोग करना यह अपने आप में आपके जीवन में भी एक डिसिप्लिन ले आता है। ये जीवन को बनाने का अवसर देता है।*

श्री मोदी कहलें कि येह योजना क उद्देस्य नौजवानन के ससक्त बनावल अउर रोजिगार मांगे वालन के बजाय रोजिगार देवे वाला बनले क क्षमता दीहल हौ।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ योजना क दस बरिस पूरा भइले पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के बधाई दिहले हवें। सोसल मीडिया पोस्ट पर उहां के लिखलीं कि ई योजना वित्तीय स्वतंत्रता बदे उत्प्रेरक बनि रहलि हौ।

ओहर, मुद्रा योजना क प्रदेस क लाभारथियो योजना क दस बरिस पूरा भइले पर सरकार के बधाई दिहले हवें। जौनपुर क लाभारथी रवि केसरी बतवले हवें कि येह योजना क लाभ उठा के ऊ न त खाली अपने बदे उद्यमिता क नेइ रखलें बलुक आजु कई लोगिन के रोजगारो क मौका दे रहल हवें।

*जब यह लोन आया तो मैं उसके पहले से व्यापार शुरू करने के लिए बहुत प्रयासरत था। मुझे पुजी न होने से मैं बहुत परेशान चल रहा था। इस मुद्रा लोन स्किम आने से मैं मुद्रा लोन फायदा उठाया मैंने अपना व्यापार पुंजी लगाकर स्टार्ट किया और मेरा व्यापार इस समय अच्छे तरिके से चल रहा है मैं दो तीन लोगो को रोजगार भी दिया हूं।*

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आवे वाला इग्यारह अपरैल के अपने संसदीय क्षेत्र बनारस आ रहल हवें। प्रस्तावित दौरा में प्रधानमंत्री एगो जनसभा करिहें अउर करीब तीनि हजार आठ सौ चौरासी करोड़ के विकास परियोजना क लोकारपण अउर सिलान्यास करिहें। मेंहदीगंज में होखे वाला येह जनसभा बदे जोर–सोर से तइयारी चलि रहल हौ। बनारस क जिलाधिकारी एस. राजलिंगम अउर पुलिस कमिश्नर मोहित अग्रवाल जनसभा वाली जगहि क निरीक्षण कइलें अउर जरूरी दिसा–निरदेस दिहलें।

**********

केन्द्र सरकार पेट्रोल अउर डीजल पर उत्पाद सुल्क में दुइ रूपिया प्रति लीटर के बढ़ोत्तरी क फैसिला लिहले हौ। हलांकि पेट्रोलियम अउर प्राकृतिक गैस मंत्री हरदीप सिंह पुरी के मोताबिक उत्पाद सुल्क में येह बढ़ोत्तरी क परभाव उपभोक्ता लोगिन पर नाहीं परी। घरेलू रसोई गैस सिलिण्डर के दामों में पचास रूपिया क बढ़ोत्तरी कइल गइल हौ।

**********

उत्तर प्रदेश डिजिटल लेनदेन अउर डायरेक्ट बेनिफिट ट्रांसफर में पूरा देस में पहिला नम्बर पर पहुंचि गइल हौ। दुइ हजार सतरह–अठारह में राज्य में जहवां बारह हजार दुइ सौ चौरासी करोड़ डिजिटल ट्रांजेक्सन भइल रहे ओहीं दुइ हजार चउबीस–पचीस में दिसम्बर ले ई आंकड़ा एक लाख दुइ हजार चारि सौ एकतालीस करोड़ रूपिया ले पहुंचि गइल। एहमें जियादेतर ट्रांजेक्सन यूपीआई के जरिया से हो रहल हौ।

**********

यूपी बोर्ड के बरिस दुइ हजार पचीस क हाईस्कूल अउर इंटरमीडिएट के परीक्षा में सामिल भइल छात्र अपने सैक्षिक विवरण में गलती सुधार नौ अपरैल ले कइ सके लें। यूपी बोर्ड क सचिव भगवती सिंह बतवलें कि प्रधानाचार्यन के परिषद क वेबसाइट एमएसपी डॉट ईडीयू डॉट आईएन पर लॉगइन कइ के विवरण संसोधन कइ सके लें।

**********

इण्डियन प्रीमियर लीग के तहत आजु कोलकाता के ईडेन गाडन्स मैदान पर लखनऊ सुपर जायंट्स क मोकाबिला कोलकाता नाइट राइडर्स से हो रहल हौ। मैच में कोलकाता नाइट राइडर्स टॉस जितलस अउर लखनऊ सुपर जायंट्स के पहिले बल्लेबाजी करे बदे आमंत्रित कइलस। लखनऊ सुपर जायंट्स तय बीस ओवर में दो सौ उन्तालीस रन क लक्ष्य नाइट राइडर्स के दिहले हौ। लक्ष्य क पीछा करे बदे कोलकाता नाइट राइडर्स क टीमि बल्लेबाजी करे बदे मैदान में उतर चुकलि हौ। प्रीमियर लीग क ई एक्कइसवां मोकाबिला हो रहल हौ।

**********

मौसम विभाग गोरखपुर के सथहीं प्रदेस के पूरबी जिलन में अगिला अड़तालीस घंटा में धुरियाइलि आन्हीं अउर गरज–चमकि के साथे बरखा क अनुमान जतवले हौ। मौसम के येह बदलाव के नाते गोरखपुर, बस्ती, देउरिया अउर महराजगंज के सथहीं कई जिलन में तापमान में गिरावट दरज कइल जाई। ओहर मौसम विभाग की ओरि से अगिला चउबीस घंटा में प्रदेस के पच्छिमी इलाकन में हीटवेव क एलो अलर्ट जारी कइल गइल हौ।

**********